

ZONAJ ENKLIF

Zonaj Enklizif Boston ("IZ"), etabli pou lapremyèfw an 2000 kòm Règleman Devlopman Enklizif la (Inclusionary Development Policy) e answit ke yo mete ajou ak enkòpore nan Kòd Zonaj la an 2024, egzije ke pwojè lojman a pri mache ki gen sèt inite oswa plis pou sloutni kreyasyon lojman a revni limite sòti nan 15% a 17% nan inite yo, sou plas oswa apwoksimate batiman yo a, plis 3% inite pou moun ki gen bon nan gwo pwojè lokatif sèlman. Nan kèk ka, pwomotè yo ka kontribye nan Fon Politik Devlopman Enklizif la olye yo bati inite a revni limite Biwo Lojman Majistra Vil Boston ("MOH") an itilize fon sa yo pou finanse kreyasyon lojman abòdab/a revni limite atravè Boston.

IZ, ki te [anonse an 2023](#) a e ki te antre an vigè nan mwa Oktòb 2024 a, entwodui chanjman nan ansyen politik la:

- Bese sèy deklanchman politik la de 10 a 7 inite,
- Ogmante pwopòsyon pwojè ki gen restriksyon a revni soti nan 13% a 17-20% (depann sou gwosè bildin lan ak abòdab nan inite a revni limite,
- Ajoute 3% nan inite ki rezève pou fwaye ki gen bon lojman mobil nan gwo pwojè lokatif yo, epi,
- Ranfòsman egzijans abòdabilite de 70% nan revni medyan zòn (AMI) a yon mwayèn de 50% oswa 60% AMI (depann de kantite inite IZ).

Biwo Lojman Majistra a enpleman IZ la nan kad pwosesis egzamen devlopman Depatman Planifikasyon an. Pou tout kesyon, .ou ka kontakte [Andy Feldman](#), Manadjè Règleman Lojman.

Se divizyon Konfòmite Lojman ak Jesyon Byen (HCAM) MOH ki jere konfòmite avèk IZ pou batiman ki fini yo. Pou tout kesyon, .ou ka kontakte [Michelle McCarthy](#), Direktè

Anba a ou ka jwenn yon kantite resous ki gen plis enfòmasyon sou IZ.